
## Orange Township Public School Gid sou Entènèt pou Pwosesis Enskripsyon Lekòl Matènèl la pou Ane Akademik 2020-2021an

Mèsi pou enterè ou nan Pwogram Early Childhood Education an (Edikasyon Matènèl la). Tanpri swiv etap enskripsyon lekòl matènèl la ki anba a pou ka enskri pitit ou a (yo).


1. Tanpri vizite sit entènèt distri a nan <a href="https://www.orange.k12.nj.us/">https://www.orange.k12.nj.us/</a>. Answit, osiye endikatè a anlè tèt Depatman yo ki sitiye nan tèt ekran an. Answit klike sou Early Childhood Education (Edikasyon Matènèl).




2. Klike sou siy + la pou elaji opsyon meni Pre-K Enskripsyon an.




3. Koulye a, klike sou lyen Enskripsyon pou Elèv la sit entènèt Genesis la pou w jwenn aksè sou paj Enskripsyon ki Ouvri nan Lekòl Piblik Distri Orange lan




4. Swiv etap yo ki sou paj dakèy la pou jwenn aksè epi kòmanse pwosesis enskripsyon elèv la sou entènèt la




5. Ou kapab kounye a enskri elèv la lè w klike sou 'Add Student'(Ajoute Elèv)




6. Si w ap enskri yon sèl elèv, ranpli espas yo sou ekran sa a, epi klike sou 'Save Student' (Retni Elèv la). \*Tanpri note ke nenpòt espas ki pa ranpli sa a ap anpeche ke yo make pake a konplè.




7. Answit/Apre sa, ou pral retounen nan ekran'Register Students' (Enskri Elèv yo)pou pran youn nan aksyon sa yo:



- a. Ajoute yon lòt Elèv pou ajoute yon lòt elèv repete etap 6 la.
- b. Avanse nan Next Screen (Pwochen Ekran an) Yon fwa tout elèv yo ajoute, klike sou 'Advance to the Next Screen' (Avanse nan pwochen ekran an) epi kontinye ranpli enfòmasyon yo pou chak ekran sa yo, Contacts and Addresses (Kontak ak Adrès), the Home Language Survey (Sondaj Lakay), ak Review and Submit (Revize epi Soumèt). \* Tanpri note ke nenpòt espas ki pa ranpli sa a ap anpeche ke yo make pake a konplè.
- 8. Yon fwa ke tout ekran yo konplete avèk siksè pou chak elèv ke yo te anrejistre, yo pral mande w antre kontak enfòmasyon yo nan espas ki anba a ki endike nan flèch wouj la.



9. Answit/Apre sa, ou dwe ranpli tou Pake Enskripsyon Early Childhood Orange lan antyèman, Ki aksesib lè w swiv lyen ki nan lis ekran ki anba a.



- 10. Lè yo fini pwosesis enskripsyon/anrejistreman elèv la sou entènèt ak Pake Enskripsyon Orange Early Childhood Preschool la, tanpri eskane epi imèl pakè enskripsyon konplè a ansanm ak dokiman ki apwopriye ki nan lis ki anba a nan Etap 11 lan nan adrès imèl sa a: prekindergartenregistration@orange.k12.nj.us.
- 11. Tanpri bay dokiman sa yo pou verifikasyon an:
  - Ak de Nesans
  - Kontra Lwaye Aktyèl, Tit pwopriyete, Deklarasyon Ipotèk, Dèt Dlo oswa Taks
  - Dosve vaksinasyon
  - Foto Idantifikasyon Paran / Gadyen
  - DE Prèv Aktyèl Rezidans (PSEG, telefòn, kab / satelit bòdwo, elatriye)
- 12. Rejistrè lekòl matènèl la pral revize ak verifye enfòmasyon sou enskripsyon ki soumèt sou entènèt la, pake enskripsyon ki konlèyo, ak dokiman sipò yo. Yon fwa yo finalize, rejistrè lekòl matènèl la pral konfime plasman lekòl la atravè imèl key o pral voye bay paran oswa gadyen an pou konfime plasman lekòl la.

\*Remak: Plasman lekòl la pral detèmine pa rejistrè lekòl matènèl la tou depann de disponiblite espas nan lokal lekòl matènèl.

**POU SIT FOUNISÈ LEKÒL MATÈNÈL** – Yon fwa ke yo konfime plasman lekòl la, yo dwe ranpli dokiman adisyonèl yo dapre règleman Lisans New Jersey yo.